

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Hasil panalungtikan anu dilaksanakeun di kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013 minangka hasil kuasi ékspérimén kalayan desain *Pre-test and Post-test Group*. Tina hasil déskripsi jeung analisis hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun bisa dicindekkeun yén média *movie maker* éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013.

Panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil anu akurat ngeunaan kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*. Tujuan tina unggal panalungtikan nya éta pikeun ngabuktikeun hal-hal anu baris ditalungtikna anu dirumuskeun dina rumusan masalah. Aya tilu hal anu ditalungtik nya éta kumaha hasil diajar siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*; naha aya béda signifikan dina hasil diajar siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*; jeung kumaha éféktivitas média *movie maker* dina nulis karangan éksposisi.

Sakabéh rumusan masalah ditalungtik ngagunakeun tés awal jeung tés ahir. Hasilna diolah ngaliwatan format ngajén karangan. Anu satuluyna hasilna didistribusikeun kana format uji data. Katitén dina tés awal siswa anu mampuh nulis karangan éksposisi téh nya éta 4 urang siswa atawa 13,3% jeung siswa anu can mampuh nulis karangan éksposisi nya éta aya 26 urang siswa atawa 86,7%. Sabada dilakukeun perlakuan ku cara ngagunakeun média *movie maker*, katitén jumlah siswa anu geus mampuh nulis karangan éksposisi nya éta jadi aya 21 urang siswa atawa 70% jeung nu can mampuh nya éta aya 9 urang siswa atawa 30%. Ieu hal ngabuktikeun yén ayana pangaruh diajar dina nulis karangan éksposisi ngagunakeun média *movie maker*. Tujuan uji normalitas pratés jeung postés nya éta pikeun ngabuktikeun yén data téh normal atawa henteu. Upama

$x^2_{itung} < x^2_{tabel}$ , hartina distribusi data normal. Tina hasil uji normalitas pratés nya éta  $x^2_{itung} 5,61 < x^2_{tabel} 11,3$  anu hartina data normal. Sedengkeun hasil uji normalitas postés nya éta  $x^2_{itung} 7,09 < x^2_{tabel} 11,3$  anu hartina data normal. Satuluyna data diuji homogénitasna. Nangtukeun homogén atawa henteuna data tés awal jeung tés ahir.  $F_{itung} < F_{tabel}$  hartina variansi sampel homogén, tapi upama  $F_{itung} > F_{tabel}$  hartina variansi sampel teu homogén. Tina hasil uji homogénitas, yén  $F_{itung} 0,94 < F_{tabel} (2,46)$  anu hartina variansi sampel homogén.

Aya béda signifikan antara pangajaran nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun media *movie maker* jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*. Ieu hal bisa katitén tina jumlah ( $\Sigma$ ) tés awal nya éta 1340, sedengkeun tés ahir nya éta 1940. Sarta ditilik tina hasil uji gain katitén yén gain antara pratés jeung postés rata-rata gainna 20%. Upama dititénan tina rata-rata peunteun pratés jeung postés nya éta 44,67 ningkat jadi 64,67. Jadi, ngaronjatna kamampuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun média *movie maker* nya éta 20. Cindekna, hasil nulis karangan éksposisi sabada ngagunakeun média *movie maker* ningkat

Média *movie maker* kawilang éféktif digunakeun dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Hal ieu dumasar kana hasil analisis data anu ngabuktikeun uji hipotésis. Tina hasil uji hipotésis, katitén  $t_{itung} 23,5$  sedengkeun  $t_{tabel}$  tina derajat kabébasan 29 sarta tingkat kapercayaan 99% nya éta 2,46. Cindekna,  $t_{itung} 23,5 > t_{tabel} 2,46$ . Hal ieu ngabuktikeun hipotésis alternatif dina ieu panalungtikan nya éta média *movie maker* éféktif dipaké dina pangajaran nulis karangan éksposisi ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun ajaran 2012/2013 téh ditarima.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu diébréhkeun ku panalungtik. Saran-saranna nya éta.

- 1) Média *Movie Maker* bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi. ku kituna ieu média bisa jadi salasahiji alternatif dina pangajaran nulis, hususna din pngajaran nulis karangan éksposisi.
- 2) Panalungtik ngarékoméndasikeun ka guru-guru basa Sunda sangkan ngagunakeun média *Movie Maker* sangkan bisa ngirut siswa dina diajar basa sunda.
- 3) Kedah aya panalungtikan deui ngeunaan média *Movie Maker* nu langkung jembar ambahannana.

